

REPUBLIQUE DU BURUNDI



PRESIDENCE DE LA REPUBLIQUE
Secrétariat Général de l'Etat

ITANGAZO RY'INAMA Y'ABASHIKIRANGANJI N°04 YO KU WA GATATU IGENEKEREZO RYA 16 NTWARANTE 2022

Inama y'Abashikiranganji yarakoranye kuri uyu wa Gatatu igenekerezo rya 16 Ntwarante 2022, i Gitega, irongowe na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, Jenerari Majoro Varisito NDAYISHIMIYE.

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu ahejeje gushikiriza urutonde rw'ivyihwezwa muri iyo nama, yaciye aha umwanya Nyakwubahwa Umushikiranganji wa Mbere ngo ashikirize ivyavuye mu nama nteguza y'iyo nama nshikiranganji yarongoye kw'igenekerezo rya 11 Ntwarante 2022, ivyihwejwe navyo bikaba ari ivyari ku rutonde rw'ivyigwa.

Umushikiranganji wa Mbere ahejeje gushikiriza icegeranyo Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, ivyihwejwe ni ibi bikurikira::

- 1. Integuro y'ibwirizwa rishinga amategeko agenga abakozi bo mu nama nshingamateka na nkenguzamateka, yashikirijwe n'umushikiranganji w'ubutungane.**

Ibwirizwa nshingiro rya Reta y'Uburundi rivuga ko amategeko agega abakozi bo mu nama nshingamateka na nkenguzamateka ashirwaho n'ibwirizwa.

Ni mu ntumbero yo kwubahiriza ibiri mw'ibwirizwa nshingiro inama nshingamateka na nkenguzamateka zashikirije iyi nteguro. Ukutabaho kw'iryo bwirizwa ntikworohereza abakozi bo muri izo nzego.

Bamwe bamwe bahakoze imyaka irenga mirongo ibiri n'itanu kandi baramaze no gutakaza uburenganzira bwo gusubira mu buzi bari baje bavamwo, hisunzwe itegeko rigenga abakozi ba Reta.

Muri iki gihe, impapuro z'akazi zisunga itegeko ryo mu 2001 ryashizweho n'Ibiro vy'inama nshingamateka y'imfatakibanza.

Iyi nteguro irakenewe cane, kuko ayo mategeko yisungwa ubu yarataye igihe kandi ateye kubiri n'ibwirizwa nshingiro.

Iyi nteguro rero irisunga ibwirizwa nshingiro, amategeko agenga abakozi ba Reta, amategeko agenga akazi, n'ayagenga abacamanza.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yarayemeje**, ica ishikiriza ibi bikurikira:

- Gukura muri iyi nteguro ibijanye n'uturusho kuko biteye kubiri na politike ya Reta mu bijanye n'imishahara ;
- Ku bijanye n'itangwa ry'amanota y'akazi, kwisunga umwaka w'amahera Reta ikoresha utangura igenekerezo rya 01 Mukakaro igahera kwigenekerezo rya 30 Ruheshi ry'umwaka ukurikira,
- Ubushikiranganji bwose bwokwisunga uwo mwaka w'amahera Reta ikoresha mu gutanga amanota ku bakozi babwo ;
- Ku vyerekeye amanota atangwa, bofatira k'ukugene bikorwa mu buzi bwa Reta ;
- Ku bijanye n'ingene abakozi barutana mu kazi (catégorie) hokoreshwa amajambo asanzwe amenyerewe mu buzi bwa Reta mu Burundi n'abagize umurwi umw'umwe bakamenyekana;
- Ukugene abakozi bagenda baraduga mu kazi, vyoshirwa muri iyi nteguro ;
- Ibisabwa mu kuronswa akazi vyotomorwa navyo nyene muri iyi nteguro;
- Ingingo z'abarongoye inama Nshingamateka na Nkenguzamateka zisaba uburyo bw'amahera zofatwa babanje kubija inama n'ingingo n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta.

2. Politike yerekeye ubutare mu Burundi, yashikirijwe n'umushikitranganji w'amazi, amasoko ntanganguvu, ubutare n'agataka.

Igisata c'ubutare kirashobora guteza imbere ubutunzi bw'igihugu, ariko kandi kikanashobora kugira ingaruka mbi kuri ubwo butunzi nyene iyo kidatunganyijwe neza, mu vyerekeye imibano no kubidukikije.

Nico gituma bikenewe cane kugira politike itomoye kugirango ico gisata kigire ico cinjiriza igihugu, n'ingaruka mbi zibe nke. Abo vyega rero bose bategerezwa kugira ico baterereye muri ico gikorwa.

Iyi ntunganyo yerekeye igisata c'ubutare yateguwe hisunzwe intererano z'abo bose ico gisata cega.

Yarafatiye kandi no kw'ihangiro nyafrika mu bijanye n'ubutare, yongera yisunga n'ibikorwa mu bindi bihugu bimwe bimwe vyo muri Afrika bibifisemwo uburambe, bimaze gushiraho mwen'iyi politike.

Irisunga kandi Umugambi w'igihugu w'iterambere, Umugambi w'akerere wo kurwanya icukurwa ry'ubutare riciye kubiri n'amategeko, n'iyindi migambi yerekeye ibijanye n'agataka.

Uyu mugambi urerekana ingene ico gisata cifashe, ingingo ngenderwako zawo, ico ushaka gushikako, n'ingene uzoshirwa mu ngiro.

Inama nshikiranganji imaze guca hiryo no hino iyo nteguro, **yarayemeje**, ivyashikirijwe bikaba ari ibi bikurikira:

- Reta, nyen'agataka ntiyokurikirana gusa ibikorera mu gisata c'ubutare, ahubwo yobirabira hafi kuva hagikorwa ubushakashatsi gushika no kw'icukurwa ryabwo;
- Ibivanye no gutanga akarere ko gucukaramwo ubutare nk'ubukote (concession) vyohehwa;
- Mw'icukurwa ry'ubutare, umunyamutahe yoharurirwa ubungana n'umutahe yazanye, ibindi bukumvikanwako mu nyuma;
- Muri iyi nteguro hategerezwa kujamwo ingingo zitomoye zerekeye icukurwa ry'ubutare bw'inzahabu;
- Birakenewe ko hategekanywa ingene Reta icukura inzahabu; ikazishingura ikongera ikazidandaza;
- Igisata kijejwe ubutare na kariyeri nico gikwiye gukoresha amakoperative, akimba inzahabu, naco kikazegeranya, hanyuma kigahemba ayo mashirahamwe;
- Igisata kijejwe ubutare na kariyeri, kirakwiye kunagurwa kugirango kirangure imirimo yaco neza;
- Reta y'Uburundi ibicishije ku bushikiranganji bw'ikigega ca Reta n'ubushikiranganji bujewe ubutare, yokwiha ihangiro ry'urugero rw'umwimbu w'inzahabu n'amahera y'agaciro igihugu coba gifise mu kiringo kinaka;
- Ni gufata ingingo zituza abegeranya inzahabu no gutegeka amashirahamwe azicukura kuzigurisha mw'ibanki nkuru y'igihugu;
- Banki nkuru y'igihugu yotegekanya gushinga agahinguriro k'inzahabu n'aho koba gato;
- Isubirwamwo ry'igitabu c'amategeko agenga ubutare ryokwihuta, ariko mu kurindira, ibikorwa vyobandanya mugabo Reta ikahagirira akunguko;
- Mu gutegura ikarata y'ubutare mu Burundi, igihugu cobandanya gisaba amakarata abitswe hanze y'igihugu agatahukanwa, kugirango yunganire ibiriko birakorwa n'abahinga b'Abarundi;
- Mu bijanye no gucukura ubutare, abakora ico gikorwa, botegekwa gukingira no gusubiriza ibinyabuzima;
- Mu bijanye no gucukura ubutare, Reta yobikora yonyene, canke ikabifatanya n'amashirahamwe y'abikorera ivyabo, canke ikabakoresha ;
- Amategeko yose yerekeye ibijanye n'ubutare atakijanye n'igihe yosubirwamwo.

- Ku bijanye n'amazi ahingurwa akongera akadandazwa, Reta itegerezwa kurihisha abayahingura kuko ni ayayo, ntiyogarukira kukurhisha amatagisi gusa;
- Ku bijanye n'ubutare bw'akabuyenge bwahinguwe bubitswe, Reta yoraba ingene bwodandazwa, bukinjiza amahera mu gihugu.

3. Integuro y'itegeko ryemerera Ibanki nkuru y'igihugu gushira umutahe mw'isoko y'amafaranga, yashikirijwe n'Ibanki nkuru y'igihugu (BRB) itwarirwa mu Biro vy'Umukuru w'igihugu.

Inyuma y'ishirwaho ry'ibwirizwa n°1/05 ryo ku wa 27 Ruhuhuma 2019, rigenga isoko y'imitahe be n'ibwirizwa n° 1/08 ryo ku wa 29 Gitugutu 2020, rigenga igisata kijejwe gukurikiranira hafi isoko y'imitahe, intambwe igezweko ni ugushiraho inzego z'iryo soko, harimwo gushinga ishira hamwe rijejwe isoko ry'amafaranga.

Iryo shira hamwe rizoba rifise umutahe ungana na miliyaridi zibiri n'igice, zigizwe n'uduce imiliyoni mirongo ibiri na zitanu, agace kamwe kakaba kangana n'amahera ijana. Ibanki Nkuru y'igihugu izoba ifise ibice mirongo ibiri na bitanu kw'ijana vy'uwo mutaha (25%).

Nk'uko igitabu c'amategeko agenga amashira hamwe y'abigenga n'ayo Reta ifisemwo umutahe kibitegekanya, kugirango Ibanki nkuru y'igihugu ishiremwo umutahe muri iyo soko y'amafaranga, abakurira Ibanki nkuru y'igihugu n'Ubushikiranganji bujewe ikigega ca Reta babanza kuvyemera.

Nico gituma iyi nteguro yashikirijwe.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje.**

4. Integuro y'itegeko rishinga rikongera rigatunganya ingene umurwi w'igihugu ujejwe kumenyekanisha ibiharuro mfatirwako ukora, yashikirijwe n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.

Itunganywa ry'ibiharuro mfatirwako mu Burundi rigengwa mw'ibwirizwa n°1/08 ryo ku wa 20 Rusama 2021 risubiramwo ibwirizwa n°1/17 ryo ku wa 25 Nyakanga 2007.

Iryo bwirizwa rirategekanya ko umugwi w'igihugu ujejwe kumenyekanisha ibiharuro mfatirwako be n'umugwi w'ubuhinga, bitunganywa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Nico gituma iyi nteguro ishikirijwe.

Kugirango uwo mugwi w'Igihugu ukore neza, harategekanywa imigwi y'ubuhinga ijewe kwihweza ibibazo bijanye n'ivyo biharuro, ikerekena n'inyishu ibereye, igaheza ikabishikiriza umurwi w'igihugu.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje**, muvuyo yasavye hakaba ari uko uwo murwi ku rwego rw'igihugu woba ugizwe n'abashikiranganji bakurikira : uwujewe ikigega ca Reta, uwujewe indero, uwujewe ubuhinga bwo gutumatumanako amakuru, uwujewe abakozi ba Reta, uwujewe uburimi, uwujewe amagara y'abantu, n'uwujewe intwari yo hagati mu gihugu.

5. Integuro y'itegeko rishinga rikongera rigatunganya Igisata c'igihugu kijejwe ibiharuro mfatirwako (statistiques mu rurimi rw'igifaransa), yashikirijwe n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.

Iyi nteguro ije gushira mu ngiro ingingo ziri mw'ibwirizwa n°1/08 ryo ku wa 20 Rusama 2021 risubiramwo ibwirizwa n°1/17 ryo ku wa 25 Nyakanga 2007 ryerekeye itunganywa ry'ibiharuro mfatirwako mu Burundi.

Iryo bwirizwa rirategakanya igisata kijejwe ibiharuro mfatirwako, rikongera rikerekana n'ingingo ngenderwako mu bijanye no gutunganya ivyo biharuro zemejwe n'umurwi ujejwe mwen'ivyo biharuro w'ishirahamwe mpuzamakungu Onu.

Ico gisata nico kijejwe gukurikirana ibiharuro mfatirwako ku rwego rw'igihugu kandi gishingwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu. Ishingwa ry'ico gisata rije guha inguvu ivyaha birangurwa n'ikigo ISTEERU.

Ikindi naco, ni uko ivyigwa vyakozwe kw'itunganywa ry'ikigo ISTEERU, vyerekanye ko bikenewe ko udutosi tuboneka mu bijanye n'itunganywa ry'ibiharuro muri rusangi, no mu k'ukegene ikigo ISTEERU gitunganyijwe, dukwiye gukosorwa.

Bikuru bikuru iyi nteguro izanye rero ni ibi bikurikira:

- Guhindura izina ry'ico gisata kijejwe ibiharuro mfatirwako, kugirango rise n'iry'ibisata bijewe ico gikorwa muri aka karere ;
- Gutunganya bushasha ico gisata, kugirango gikore neza kuruta uko cahora.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro **yarayemeje**, intererano zashikirijwe zikaba ari izi zikurikira:

- Ibijanye n'urwego nshingwantwari vyovanywa muri iyi nteguro kuko urwo rwego ntirukenerwe mu bisata vya Reta ata mahera vyinjiza;

- Amategeko yose agenga ibisata vya Reta bitinjiza amahera bifise urwego nshingwantwari yosubirwamwo kugirango rufutwe.

6. Icegeranyo cerekana aho umugwi washizweho ngo ushire mu ngiro ivyashinzwe n'inama nshikiranganji yo ku wa 14 Gitugutu 2021 kuri dosiye yerekeye ishishamwe ryahora ari EPB n'ishishamwe rijejwe gukoresha ikivuko ca Bujumbura Global Port Services Burundi, yashikirijwe n'Umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.

Twokwibutsa ko inama nshikiranganji yari yarize iyo dosiye kw'igenekerezo rya 14 Gitugutu 2021, mu vyari vyashikirijwe harimwo ibi bikurikira:

- Guharura neza igiciro c' amatungo ya Reta kugirango umutahe wa Reta muri Global Port Services Burundi uboneke neza ;
- Gutohoza neza kugirango hamenyekane ingene amato 18 Ububirigi bwashigiyeye Reta y'Uburundi ubu ari mu minwe y'Ishishamwe ARNOLAC hanyuma ingingo zibereye zifatwe;
- Kuraba ko ayandi mato ahari, adakomoka kuri ayo ya Reta y'Uburundi ;
- Guharura neza amatungo ya Reta angana kugirango umutahe wa Reta muri Global Port Services Burundi uboneke neza ;
- Kuraba aho imanza ziri mu ma sentare zigeze, izahaze zije mu ngiro;
- Gusuzuma amakonte ashirwako amafaranga arihwa ku mazu canke ku bindi bikoswe

Umurwi wari wagenywe wacye ubandanya igikorwa mu ntumbero yo gushira mu ngiro ivyo inama nshikiranganji yari yasavye.

Ubu rero kwari ukuraba aho uwo murwi ugejeje ico gikorwa.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino ico cegeranyo c'aho uwo murwi ugejeje gukora, **yaracemeje**, ivyashikirijwe ni ibi bikurikira:

- Inama nshikiranganji yarashimye igikorwa caranguwe n'uwo mugwi ;
- Harageze ko uwo mugwi ushikiriza burundu igikorwa washinzwe;
- Mu cegeranyo uwo mugwi uzashikiriza, wokwerekana ico ibisata vyose birabwa n'ikibazo iki canke kiriya bisabwa gukora, mu gushira mu ngiro ibiri muri ico cegeranyo ;
- Ku vyoba bisaba kuja mu mizi yavyo canke kugira ubundi bushakashatsi, uwo mugwi wokwerekana ivy'arivyo n'abobikora;
- Ku vyerekeye amatungo Reta ibona ko ari ay'ayo, yoshirwa mu minwe ya Reta, hanyuma uwubona ko arenganijwe agashikiriza ivyemeza ko ayo matungo ari ay'iwe.

7. **Umugambi wo gutunganya inkengera z'ikiyaga Tanganyika**, washikirijwe n'umushikiranjanji w'ibidukikije, uburimi n'ubworozi.

Ikiyaga Tanganyika gifise akamaro kanini mu butunzi bw'igihugu. Iruhande yo kuba gifise amazi meza, kirimwo ibinyabuzima vyinshi kandi kirafasha no mu gutwara ibintu n'abantu.

Mu ntumbero yo gukoresha neza amazi y'ikiyaga Tanganyika, harateguwe ibitabu vy'imigambi bitari bike n'amategeko arashirwaho.

Ni muri iyo ntumbero Igitabu c'amategeko agenga amazi gitegekanya ko akarere kangana n'imetero ijana na mirongo itanu (150) uvuye ku nkengera y'ikiyaga ari itongo rya Reta.

Naho habaye utwo twigoro, inkengera z'ikiyaga Tanganyika zikoreshwa nabi.

Mu tumbero yo gutorera umuti izo ngorane, ubushikiranjanji bujejwe ibidukikije bwaratunganije igicapo c'ingene iyo nkengera y'ikiyaga zotunganywa zikongera zigakoreshwa neza, ibidukikije bikingiwe, ibibanza ingenzi zotembereramwo be n'ibindi vyoteza imbere ubutunzi navyo nyene bigatunganywa neza.

Iyi ndinganizo ifise intumbero yo gufasha kugirango inkengera z'ikiyaga Tanganyika zikoreshwe neza kandi zikingirwe.

Iyi ndinganizo irerekana ingene ibintu vyifashe ku nkengera z'Ikiyaga Tanganyika, ikerekena n'ibibereye kandi bikwiye kuharangurirwa.

Inama nshikiranjanji yari yarihweje iyo nteguro, irayisubiza inyuma kugirango abahinga batandukanye bayiterere.

Inama nshikiranjanji yihweje iyo nteguro yashikirijwe, yasanze imeze neza ica **irayemeza**, kuko ni igikorwa c'ifatiro gihambaye ku banyamitahe bazoba bipfuzaga gukorera ku nkengera z'ikiyaga Tanganyika. Ivyashikirijwe ni ibi bikurikira:

- Iyo ntunganyo izofasha cane mu gukoresha neza inkengera z'ikiyaga Tanganyika;
- Ku gace kose, iyo ntunganyo irerekana ibizoharangurirwa canke ibizohubakwa;
- Mu murwi uzotegura ishira mu ngiro ry'uyu mugambi, ubushikiranjanji bujejwe intwari yo hagati mu gihugu, ikigega ca Reta, ingenzi, inyubakwa za Reta, ubushakashatsi, amazi, bwoserukirwa;
- Intunganyo y'igisagara ca Bujumbura izokwisunga igicapo c'indinganizo y'inkengera y'ikiyaga Tanganyika;

- Iyi ndinganizo y'inkengera z'ikiyaga Tanganyika, yoherekezwa kandi igashigikirwa no gutunganya neza inzuzi zisuka mu kiyaga Tanganyika ;
- Iyi ndinganizo y'umugambi yomenyekanishwa imbere y'uko umwaka w'2022 urangira;
- Amazu yamaze kwubakwa ku nkengera z'ikiyaga Tanganyika yosubirwamwo hisunzwe uyu mugambi.

8. Integuro y'amategeko agenga Igisata kijejwe guteza imbere igiterwa c'ikawa (ODECA), yashikirijwe n'umushikiranganji w'ibidukikije, uburimyi n'ubworozi.

Igisata kijejwe guteza imbere igiterwa c'ikawa (ODECA), cashizweho na Reta kugirango kinagure congere giteze imbere ico giterwa .

Cashizweho n'itegeko n° 100 /001 ryo ku wa 07 Nzero 2020.

Mu ngingo yaryo ya 33, iryo tegeko rivugako amategeko agenga ico gisata abanza kwemezwa n'inama nshikiranganji.

Ayo mategeko rero avuga ibijanye n'imigenderanire hagati ya ODECA n'abakozi bayo, akaba kandi yisunga ahanini ibiri mu mategeko agenga akazi, amategeko agenga abakozi ba Reta, ba n'ayandi masezerano atandukanye.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo ntegeko, **yarayemeje** ariko ica ishikiriza ibi bikurikira:

- Gukuramwo ivyo vyose bijanye n'uturusho kuko biteye kubiri na politike ya Reta ku bijanye no gutunganya imishahara;
- Mu gushinga imishahara, hokwisungwa amategeko asanzwe ahari;
- Kuraba neza ama konte ya ODECA kugirango Reta imenye ko yobandanya iyiha uburyo bwo gukora kubera ODECA irunguka;
- Gushiraho politike itomoye ku bijanye n'abikorera ivyabo bakorera mu gisata c'ikawa, kugirango amahera y'agaciro yose ava muri ico gisata ace mu kigege ca Reta.

9. Ingene ubushikiranganji bujewe inyubako, ibikorwa n'ibikoresho vya Reta no kugwiza uburaro bwokorana n'amakoperative yo ku mitumba mu gusibura amabarabara bucishije mu gisata kijejwe amabarabara, vyashikirijwe n'umushikiranganji ajewe inyubako, ibikorwa n'ibikoresho vya Reta no kugwiza uburaro

Uko gukorana mu bijanye no gusibura amabarabara bije mu gihe amabarabara makuru afatanya umurwa mukuru w'ubutunzi (Bujumbura) no hagati mu gihugu ameze nabi. N'ayo mu gisagara ca Bujumbura yarononekaye.

Kubera akamaro k'amabarabara mu butunzi bw'iguhugu, imibano n'umutekano, Reta itegerezwa gushiramwo inguvu kugirango uruja n'uruza rw'abantu n'ibintu rubandanye rworoshe.

Utwigoro twa Reta n'abo bafashanya mw'iterambere twaratumye amabarabara makuru makuru agwira kandi aba meza.

Ariko ibibazo biracari vyinshi, kuko aracakeneye kugwizwa no kubungabungwa.

Reta y'Uburundi yaramaze kubona ko amakoperative ari kirumara mw'iterambere ry'ubutunzi n'imibano.

Nico gituma Ubushikiranganji bujewe inyubako, ibikorwa n'ibikoresho vya Reta bucishije ku gisata kijejwe amabarabara, bwashatse kugaruka ku mugenzi mwiza wo gukoresha abegereye amabarabara, cane cane amakoperative yo ku mitumba, mu gikorwa co kuyasibura.

Amabarabara aza imbere y'ayandi ni ayafatanyaga Uburundi n'akarere be n'ayafise uruhara runini mw'iterambere ry'ubutunzi, imibano, umutekano, ayacamwo ingenzi nyinshi, n'ayorosha urudandazwa mpuzambibe.

Hafatiwe kuri ivyo rero, ahakenewe gusiburwa hapima ibirometero amajana icenda n'icenda (909), bikaba bizotwara uburyo bugera ku muriyaridi umwe n'imiryoni ijana z'amahera y'amarundi (1 100 000 000 FBU).

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino ico kibazo, **yarashimye iyo ntunganyo**, ica ishikiriza ibi bikurikira :

- Gukorana n'abajejwe intwari mw'irangurwa ry'ico gikorwa ;
- Gufatanyaga n'abajewe intwari mu gushiraho ivyisungwa mu gutora koperative izoshingwa ico gikorwa;
- Gukurikiranira hafi izo koperative kugirango ico gikorwa kiranguke neza;
- Kuriha ayo makoperative ku gihe.

Kabaye akaryo ko kuvuga ibijanye n'ibarabara Bubanza-Ndora aho rimaze kwononekara kandi ritaranashikirizwa.

Inama nshikiranganji yaciye isaba umushikiranganji ajejwe inyubako, ibikorwa n'ibikoresho vya Reta no kugwiza uburaro kuzana icegeranyo kijanye no gushikirizwa iryo barabara, ivyo navyo bikaba bizokwisunga ibiri mu masezerano ajanye no kuryubaka n'ingene rimeze ubu, kugirango haboneke uwegwa n'amakosa hanyuma ingingo zibereye zifatwe. Ico cegeranye kizoba cashikirijwe mu kiringo c'indwi zibiri.

Nico kimwe n'ibijanye n'ingomero za Mpanda na Kajeke.

10. Umugambi wo gushigikira ikoreshwa ry'ubuhinga bwa none bwo gutumatumanako mu Burundi, washikirijwe n'Umushikiranjanji wo kumenyesha amakuru ,ibimenyeshamakuru n'ubuhinga bwa none bwo

Kubera ko Inama nshikiranjanji yasanze iyo nteguro irimwo ibintu bihambaye vyobanza kwihwezwa neza nk'ibijanye n'ivyo uwo mugambi usaba n'ingene uburyo bwotangwa, inama nshikiranjanji yaciye ishingira ko iyo nteguro yokwigwa neza mu nama nshikiranjanji idasanzwe.

11. Utuntu n'utundi

- Umushikiranjanji w'Ikigega ca Reta yaravuze aho umugambi wo kwubaka ibarabara ry'indarayi riva muri Tanzaniya rigaca mu Burundi rigashika no muri Repuburika iharanira demokarasi ya Kongo ugeze Iryo barabara ry'indarayi ni umuhora wundi uzofasha mw'ihanahana ry'ibidandazwa, n'ubutare bushobore gucukurwa, ubutunzi kama n'ivyimburwa vyo mu Burundi no mu buseruko bwa Repuburika iharanira demokarasi ya Kongo bigire agaciro.

Intumbero y'uru rwandiko ni kumenyesha aho uwo mugambi ugeze, no kwerekana akarusho Uburundi buzokuramwo ku ntambwe zawo zose.

Ku vyerekeye Uburundi, mu kurindira ishirwaho ry'igisata kijejwe gukurikiranira hafi ivy'amabarabara y'indarayi, Reta irashobora gushiraho umurwi wokwihweza uturusho tuzova ku ntambwe imw'imwe yose y'uwo mugambi, no kwerekana ivyokorwa.

Inama nshikiranjanji yarashimye ingene ivyo bihugu bitatu bikorana muri uwo mugambi wo kwubaka iryo barabara ry'indarayi.

Yaciye isaba Umushikiranjanji wa Mbere gushiraho uwo mugwi w'abahinga uzoraba icoza kirakorwa ku ntambwe yose y'uwo mugambi.

- Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu yaribukije abashikiranjanji ko ubu ari igihe co kwerekana ko Reta iri ku kivi kandi ifata ibintu mu minwe. Kandi ivyo bitegerezwa kubonekera mu nzego zose.

Nico gituma yaciye asaba umushikiranjanji wese kwishikira mu buyobozi bukuru bumwe bumwe bwose bumukukira, kugirango abusigurire ihangiro rya Reta kugirango buryumve, hanyuma nabwo buce bumanuka mu buyobozi kubisigura.

Bigiriwe i Gitega, igenekerezo rya 17 Ntwarante 2022

Umunyamabanga Mukuru wa Reta akaba n'Umuvugizi
wayo

Prosper NTAHORWAMIYE